



Aplikasyon pou Lisans Enspektè Kay

Li enstriksyon yo avèk anpil atansyon anvan ou ranpli aplikasyon an. N ap retounen aplikasyon ki pa fin ranpli yo, epi sa ap lakòz ou jwenn reta pou resevwa lisans ou. Si ou manke mete yon enfòmasyon, si ou mete enfòmasyon ki pa gen presizyon oswa si ou pa bay tout enfòmasyon yo nan yon aplikasyon oswa si ou pa bay tout dokiman sipò, nou ka gen rezon ki ase pou ba ou refi pou yon lisans, oswa, si nou ba ou yon lisans, nou kapab sispann li oswa anile li.

Kisa yon Enspektè Kay ye?

Atik 12-B §444-B(4) lwa Eta New York sou Byen Imobilye defini yon Enspektè Kay kòm nenpòt moun ki gen lisans pou fè enspeksyon kay.

Kisa Enspeksyon Kay ye?

Atik 12-B §444-B(5) lwa Eta New York sou Byen Imobilye defini yon enspeksyon kay kòm yon metòd kote yon enspektè kay obsève epi bay yon rapò alekri sou sistèm ak eleman yon bilding kote moun abite tankou, men pa sèlman:

- Sistèm Chofaj
- Sistèm Refwadisman
- Sistèm Plonbri
- Sistèm Elektrik
- Eleman Estriktirèl - fondasyon, twati, estrikti masònri, eleman ki deyò ak andedan oswa nenpòt lòt eleman asosye ki nan bilding moun abite Komisyon Enspeksyon Kay rekòmande epi Depatman an egzekite avèk metòd kontwòl.

Kimoun ki pa konsène nan lwa sa a?

Moun ki eskli yon fason fòmèl nan lwa sa a se Achitèk y, Enjenyè Pwofesyonèl yo, ak Ofisye Egzekisyon Kòd Sètifye yo. Kit yo nouvo nan domèn nan kit yo la deja, yo kapab kontinye fè enspeksyon kay san yo pa bezwen lisans sa a depi y ap travay nan limit metye yo. Men, si yo louvri yon biznis enspeksyon y ap gen obligasyon pou gen yon lisans.

Ki kalifikasyon yon Achitèk Lisansye oswa yon Enjenyè Pwofesyonèl bezwen ki louvri biznis enspeksyon kay pa li dwe genyen?

Yon moun ki se yon Achitèk Lisansye oswa yon Enjenyè Pwofesyonèl ap bezwen bay prèv lisans pwofesyonèl li ansanm avèk fòm aplikasyon li ranpli a ak frè pou peye a. Y ap jwenn egzansyon pou travay kou a, egzijans pou fè egzamen ak egzijans pou fòmasyon kontini jan sa endike nan lwa a pou yon lisans enspektè kay.

Èske gen yon egzijans pou gen asirans pou responsablite?

Wi, §444-K(1) lwa sou Lisans Pwofesyonèl pou Enspeksyon Kay (Home Inspection Professional Licensing Act) egzije pou chak enspektè kay lisansye k ap fè enspeksyon kay dwe gen epi konsève pwoteksyon pou responsablite jeneral ki dwe se yon kantite lajan minimòm \$150,000 dola pou chak aksidan ak \$500,000 dola nan limit total.

Dapre §197-1.1 prèv pwoteksyon pou responsablite a dwe gen ladan enfòmasyon ki endike anba la yo: Non moun ki asire a (non moun ki aplike a sèlman si li aplike kòm yon moun oswa non biznis moun ki aplike a AK non biznis lan si li aplike kòm yon ajans biznis); Non konpayi asirans lan, Adrès biznis lan ak nimewo telefòn konpayi asirans lan; Nimewo kontra asirans lan; Dat ekspirasyon kontra asirans lan ak Sekretè-Deta kòm moun ki gen sètifika a. Prèv pwoteksyon asirans pou responsablite a dwe disponib pou revizyon sou demann.

Èske yon moun kapab jwenn yon Lisans Enspektè Kay ki baze sou otorizasyon pou pratike metye nan yon lòt eta?

Wi, si NYS te fè yon akò pou respwosite avèk yon lòt eta. Lè ou soumèt yon aplikasyon ak frè pou peye a, n ap revize demann aplikasyon moun ki bay prèv dènye otorizasyon yo pou pratike metye nan yon lòt eta kote egzijans yo ekivalan ak NYS. Kote nou jwenn yo ekivalan, n ap anile egzijans pou fòmasyon ak egzamen, epi n ap bay moun nan yon lisans.

Ki frè pou mwen peye epitou ki kondisyon pou mwen resevwa lisans lan?

Frè pou Egzamen: \$50 (si li anvigè).

Frè pou Peye pou Aplikasyon: Ou dwe soumèt chak aplikasyon avèk yon frè aplikasyon \$250 dola non-ranbousab; lisans lan ap anvigè pou 2 zan.

Frè pou Renouvèlman: Frè pou renouvèlman an se \$100 dola pou yon dire dezan.

Ki kalifikasyon ak dokiman sipò mwen bezwen pou aplike pou lisans lan?

Ou kapab aplike dapre sa ki endike anba la a:

- Ou fini **lekòl segondè** oswa ekivalan li avèk siksè;
- Edikasyon:** Pran epi pase yon kou etid avèk siksè ki pa depase 140 èdtan avèk apwobasyon Depatman an. Nan kantite èdtan sa yo, 40 èdtan fèt pou se enspeksyon sou teren san peye devan ak anba sipèvizyon dirèk yon Enspektè Kay ki gen lisans NYS, oswa yon enjenyè pwofesyonèl oswa achitèk, ki anba kontwòl NYS.

OSWA

- Eksperyans:** Ou te fè pa mwens pase 40 èdtan enspeksyon kay (ki peye oswa ki pa peye) devan ak anba sipèvizyon dirèk yon Enspektè Kay ki gen lisans NYS, oswa yon enjenyè pwofesyonèl oswa achitèk, ki anba kontwòl NYS.
- Pasaj yon Egzamen avèk Siksè:** Ou te pase egzamen NYS alekri;
- Libète pou pa Diskalifye akòz Kondanasyon Kriminèl;**
- Frè Aplikasyon an:** Chak aplikasyon dwe akonpaye avèk yon frè aplikasyon \$250 dola non-ranbousab; lisans lan ap anvigè pou 2 zan.

Aplikasyon pou Lisans Enspektè Kay

Ki fòm peman ou aksepte?

Ou ka peye avèk chèk oswa avèk chèk postal (money order) ki ekri sou non Department of State oswa ou ka peye nenpòt frè avèk MasterCard oswa Visa, avèk yon fòm otorizasyon pou kat kredi. Pa voye lajan kach. **Nou pa ranbouse frè aplikasyon an.** W ap gen pou peye yon frè \$20 dola pou nenpòt chèk bank ou retounen. **(Moun ki aplike yo ta dwe konprann si yo peye frè pou depo aplikasyon an avèk yon chèk pèsònèl, epi si bank lan retounen chèk la akòz lajan ki pa ase sou kont yo, pwochen etap nan pwosesis pou jwenn lisans lan ap pran rete jouk lè li peye frè a [k ap gen ladan yon frè \$20 pou chèk ki retounen an].)**

Kisa frè renouvèlman an ye epi kijan yon moun renouvle lisans li?

Nou voye aplikasyon renouvèlman an ba Enspektè Kay la apeprè 3 mwa anvan ekspirasyon lisans li. Ou dwe ranpli aplikasyon an epitou ou dwe remèt li ansanm avèk yon frè \$100 dola ba Depatman-Deta, Divizyon Sèvis Distribisyon Lisans. Enstriksyon pou bon jan fason pou soumèt aplikasyon an ap endike ansanm avèk aplikasyon renouvèlman an. Dire lisans lan se 2 zan.

Èske gen egzijans pou fòmasyon kontini?

Wi. Enspektè kay yo gen obligasyon pou patisipe nan 24 èdtan fòmasyon kontini apwouve nan peryòd renouvèlman lisans yo sou dezan anvan dat ekspirasyon an pou yo kapab renouvle lisans yo.

Rapò konsènan Sipò Timoun

Yon Rapò konsènan Sipò Timoun obligatwa nan Eta New York (Lwa sou Obligasyon Jeneral) kit ou gen pitit kit ou pa genyen, oswa kit ou gen nenpòt obligasyon pou peye sipò kit ou pa genyen. **Si yon moun dwe kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere peman nan sipò timoun, nou ka sispann lisans biznis, lisans pwofesyonèl ak lisans chofè moun sa a.** Si ou fè espere pou bay yon fo deklarasyon alekri pou twonpe oswa dekouraje egzekisyon legal obligasyon pou peye sipò, ou ka tonbe anba pinisyon dapre §175.35 Lwa Penal. Si ou bay yon fo dokiman pou mete nan dosye ou nan yon ajans gouvènman leta oswa lokal avèk entansyon pou fè fwod, ou fè yon krim klas E.

AVI SOU KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PRIVE

Èske mwen dwe bay nimewo Sekirite Sosyal mwen ak nimewo ID Federal mwen sou aplikasyon an?

Wi, si ou gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID federal, ou gen obligasyon pou bay nimewo sa a. Si ou pa gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID federal, tanpri bay yon eksplikasyon alekri.

Depatman-Deta gen obligasyon pou pran nimewo federal Sekirite Sosyal ak nimewo federal Idantifikasyon Patwon tout moun ki gen lisans yo. Nou jwenn otorizasyon pou mande epi konsève enfòmasyon pèsònèl sa yo nan §5 Lwa Fiskal ak §3-503 Lwa sou Obligasyon Jeneral (General Obligations Law). Ou gen obligasyon pou bay enfòmasyon yo. Nou pran enfòmasyon yo pou pèmèt Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) idantifye moun, biznis ak lòt moun ki anreta nan deklarasyon taks sou revni yo oswa ki te ka pa estime obligasyon fiskal yo ase epi anjeneral pou idantifye moun taks afekte ki anba kontwòl Manm Komisyon Taksasyon ak Finans. N ap itilize enfòmasyon yo pou administrasyon taks ak pou nenpòt lòt objektif ki otorize anba Lwa Fiskal (Tax Law), epitou ajans egzekisyon sipò timoun oswa reprezantan otorize eta sa a oswa lòt eta ka itilize enfòmasyon yo dapre Tit IV-D Lwa sou Sekirite Sosyal (Social Security Act), pou detèmine, modifye oswa egzekite yon lòd sipò, men enfòmasyon yo p ap disponib pou piblik la. Yon eksplikasyon alekri obligatwa kote ou pa bay nimewo a. Direktè Administrasyon ak Jesyon ap konsève enfòmasyon sa yo nan Sistèm Enfòmasyon Livrezon Lisans nan adrès One Commerce Plaza, 99 Washington Avenue, Albany, NY 12231-0001.

ÈSKE OU TA RENMEN ENSKRI POU W KA VOTE?

Tanpri ale sou sitwèb Komite Eleksyon Eta New York (NY State Board of Elections) la nan www.elections.ny.gov/votingregister.html Oswa rele **1-800-FOR-VOTE** pou mande yon fòm Enskripsyon pou Vote nan Eta New York (NYS Voter Registration form).

Pou enskri sou entènèt la, tanpri ale sou www.ny.gov/services/register-vote.

Li enpòtan pou ou fè biwo sa a konnen nenpòt chanjman nan adrès postal ou pou ou kapab resevwa avi renouvèlman yo ak nenpòt lòt avi ki konsène lisans ou.

FOR OFFICE
USE ONLY

UNIQUE ID

CLASS

CASH NUMBER

QUAL
CODE

FEE

\$250



Division of Licensing Services

New York State
Department of State
Division of Licensing Services
P.O. Box 22001
Albany, NY 12201-2001
Sèvis Kliyantèl: (518) 474-4429
www.dos.ny.gov

Aplikasyon pou Vin Enspektè Kay

TANPRI EKRI TOUT REPONS YO AVÈK PLIM AN LÈT DETACHE OSWA TAPE YO. N ap retounen aplikasyon ki pa lizib yo pou eklièsman, sa k ap lakòz ou jwenn reta pou resevwa lisans lan.

Mwen aplike: *(koche yon kaz)*

Kòm prezidan/pwopriyetè/patnè,

*Mwen konfime biznis ki endike anba la a anrejistre avèk
Office of the County Clerk (Biwo Grefye Konte a)*

Non Komèsyal *(ranpli Seksyon A ak B)*

(ap fè biznis kòm yon antrepriz endividyèl, k ap fè biznis kòm yon non ki diferan an non pa li)

Patenarya *(ranpli Seksyon A ak B)*

(ap fè biznis anba non yon patenarya)

Kòm prezidan/manm/fonksyonè,

*Mwen konfime biznis ki endike anba la a anrejistre avèk
Division of Corporations (Divizyon Sosyete yo)*

Sosyete Anonim oswa Sosyete Kòmandit
(ranpli Seksyon A ak B)

*(ap fè biznis anba non sosyete anonim,
sosyete kòmandit oswa non prete)*

Sosyete *(ranpli Seksyon A ak B)*

(ap fè biznis anba non sosyete oswa non prete)

OSWA

Mwen aplike kòm yon:

Moun *(ranpli Seksyon A)*

(Ap fè biznis avèk non pèsonèl li sèlman)

Seksyon A Non Moun ki Aplike a:

ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A

Non fanmi

Prenon

Dezyèm Prenon

Tit

Adrès Kay la *(Obligatwa)*

Bwat Postal *(pou kourye pa lapòs sèlman)*

Nimewo Apatman

Vil

Eta

Kòd Postal + 4 chif

Konte

Dat Nesans

Nimewo Sekirite Sosyal

(Gade Avi sou Pwoteksyon Enfòmasyon Prive)

ID Federal Kontribiyab

(Gade Avi sou Pwoteksyon Enfòmasyon Prive)

Adrès Imèl *(Si ou genyen)*

Nimewo Telefòn pou Lajounen *(Si gen pwoblèm avèk aplikasyon an)*

ENFÒMASYON SOU BIZNIS LAN

Seksyon B Non Biznis Enspektè Kay *(Si ou p ap aplike kòm moun):*

Adrès Postal - Tanpri ranpli seksyon sa a si ou vle nou voye enfòmasyon ou yo pa lapòs pou ou nan yon adrès ki pa adrès lakay ou.

Non Biznis lan

Adrès Kay

Vil

Eta

Kòd Postal + 4 chif

Konte

Aplikasyon pou Vin Enspektè Kay

1. DONE DEBAZ

WI oswa NON

(Reponn kesyon sa yo. Pou fè sa, tcheke "WI" oswa "NON")

Tout moun ki aplike yo dwe ranpli seksyon sa a. Si ou pa ranpli seksyon sa a, n ap voye aplikasyon ou retounen ba ou.

- Èske ou gen yon diplòm lekòl segondè oswa ekivalan diplòm nan?
- Èske ou te janm gen yon lisans enspektè kay Eta New York te ba ou?
→ SI OU REPONN "WI," ki ane? _____ Nimewo ID Inik _____
- Èske ou gen yon lisans enspektè kay valab nan yon lòt eta?
→ SI OU REPONN "WI," ki eta? _____
- Èske lajistis te janm kondane ou pou yon krim ki se yon deli oswa yon krim?
→ SI OU REPONN "WI," ou dwe bay yon eksplikasyon alekri epitou ou dwe bay yon kopi dosye tribinal la ki bay detay sou akizasyon yo pou zak la ak fason afè a te rezoud. Si ou te resevwa yon Sètifika Soulajman nan Andikap, Sètifika Bon Konduit oswa Padon Egzekitif, ou dwe remèt yon kopi ansanm avèk aplikasyon sa a.
- Èske gen nenpòt akizasyon kriminèl (deli oswa krim) ki pandye sou tèt ou nan nenpòt tribinal?
→ SI OU REPONN "WI," ou fèt pou bay yon eksplikasyon alekri epitou ou dwe bay yon kopi dosye tribinal la ki bay detay sou akizasyon yo pou zak la.
- Èske yo nenpòt lisans oswa pèmi yo te ba ou oswa yon konpayi kote ou se oswa te yon prezidan te anile, sispann oswa refize?
→ SI OU REPONN "WI," ou dwe bay tout dokiman enpòtan yo, ansanm ak detèminasyon ajans lan, si genyen.

2. METÒD KALIFIKASYON: (koche yon kaz)

Edikasyon

- Ou dwe bay orijinal sètifika patisipasyon ou nan kou pandan 140 èdtan fòmasyon apwouve ki gen ladan 40 èdtan fòmasyon sou teren ki pa peye.
- Si ou te resevwa 40 èdtan fòmasyon sou teren ki pa peye nan yon lekòl ki pa lekòl ki apwouve, ou dwe soumèt **DOKIMAN SIPLEMANTÈ A. EPITOU**
- Ou dwe bay prèv ki montre ou pase egzamen alekri Eta New York.

OSWA

Eksperyans

- Ou dwe bay prèv ki montre ou te fè pa mwens pase 100 enspeksyon nan kay (ki peye oswa ki pa peye) devan ak anba sipèvizyon dirèk yon Enspektè Kay ki gen lisans Eta New York, oswa yon enjenyè oswa achitèk pwofesyonèl ki anba kontwòl Eta New York. Ou dwe bay **DOKIMAN SIPLEMANTÈ B.**

EPITOU

- Ou dwe bay prèv ki montre ou pase egzamen alekri Eta New York.

OSWA

Achitèk Lisansye oswa Enjenyè Pwofesyonèl

- Ou dwe bay kopi lisans lan.

3. KONFIMASYON PWOTEKSYON POU RESPONSABILITE

Mwen konfime, mwen gen ak konsève pwoteksyon asirans pou Responsablite Jeneral pou omwen yon kantite lajan \$150,000 dola pou chak aksidan ak \$500,000 dola nan limit total, jan sa prevwa Nan §444-K(1) Lwa sou Lisans Pwofesyonèl Enspeksyon Kay (Home Inspection Professional Licensing Act).

4. RAPÒ KONSÈNAN SIPÒ TIMOUN

Depi mwen siyen aplikasyon sa a, mwen konfime apati dat aplikasyon sa a, mwen pa anba yon obligasyon pou peye sipò timoun **OSWA** si mwen anba yon obligasyon pou peye sipò timoun, mwen pa gen kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere nan peman sipò timoun; oswa m ap fè peman yo anba egzekisyon sou revni mwen oswa anba akò mwen dakò avèk tribinal oswa anba plan ranbousman oswa anba plan moun ki konsène yo akseptè oswa obligasyon sipò timoun mwen depannde pwosedi tribinal ki annatant, oswa m ap resevwa èd piblik oswa revni sekirite anplis.

5. KONFIMASYON MOUN KI APLIKE A - Mwen konfime mwen li epi konprann dispozisyon Atik 12-B Lwa sou Byen Imobilye (Real Property Law) ak règ ak règleman kiibliye annapre yo. Answit, mwen konfime mwen gen Asirans Konpansasyon Travayè/Avantaj pou Andikap, pou tout anplwaye yo, si genyen. Mwen konfime, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, enfòmasyon mwen bay yo se enfòmasyon ki vrè dapre tout sa mwen konnen. Mwen rekonèt nenpòt erè enpòtan mwen fè ka lakòz yo anile oswa sispann lisans/sètifika a si yo ban mwen li.

X _____

Siyati Moun ki Aplike a

Dat la

YON APLIKASYON OU RANPLI DWE GEN LADAN:

(Itilize lis sa a ki gen tout sa pou bay la pou asire ou mete/konplete tout egzijans yo.)

Si ou pa bay tout repons ki obligatwa yo, n ap retounen aplikasyon ou.

Paj 3

Ou dwe koche yon kaz nan seksyon an pou "**Mwen aplike kòm**"

Enfòmasyon sou Moun ki aplike:

- Ranpli seksyon "Enfòmasyon sou Moun ki Aplike a".

Enfòmasyon sou Biznis lan (si genyen):

- Non Biznis lan:** Ekri an lèt detache aklè oswa tape non biznis lan anba kote ou pral fè biznis lan (jan li parèt sou resi depo a oswa sètifika biznis lan).
- Adrès Postal:** Ranpli seksyon sa a sèlman si ou ta renmen nou voye enfòmasyon ou yo pa lapòs n adrès ki pa adrès lakay ou.

Paj 4

Done Jeneral: Si ou te reponn WI pou kesyon 4, 5 oswa 6:

- Kesyon #4 - dokiman tribinal ou **DWE** soumèt: Yon kopi sètifika dispozisyon tribinal la **AK** yon kopi dokiman akizasyon an * ki soti nan tribinal la.
- Kesyon #5 - dokiman tribinal ou **DWE** soumèt: Yon dokiman akizasyon an * ki soti nan tribinal la **AK** avi (yo) ranvwa a ki endike lòt dat (yo) tribinal la bay pou ale nan tribinal la.
- Kesyon #6 - ou dwe bay tout dokiman enpòtan yo, ansanm ak detèminasyon ajans lan, (si genyen).
* *Yon dokiman akizasyon se yon dokiman pwokirè yo ak tribinal kriminèl yo itilize pou akize oswa pouswiv yon moun yo akize pou yon krim (kèk krim) ak detay enfòmasyon ak sikonstans ki gen pou wè ak krim nan (yo). Sa kapab yon Prezantasyon Akizasyon, Enfòmasyon Tribinal Siperyè, Plent Kriminèl, elatriye.*

Metòd Kalifikasyon:

- Koche kaz ki montre kijan ou kalifye pou lisans lan.

Konfimasyon Pwoteksyon Asirans pou Responsablite: Ou dwe gen ak konsève pwoteksyon asirans pou responsablite jeneral pou yon minimòm \$150,000 dola pou chak aksidan ak \$500,000 dola nan limit total. (Ou pa gen obligasyon pou bay prèv pwoteksyon asirans avèk aplikasyon ou, men pwoteksyon asirans ou dwe disponib pou revizyon sou demann.)

Deklarasyon konsènan Sipò Timoun: (li)

Konfimasyon Moun ki Aplike a:

- Siyen non ou epi mete dat nan aplikasyon an.

Paj 5

Dosye Fòmasyon sou Teren ki pa Peye – Egzijans 40 Èdtan

- Ranpli tout pòsyon dosye a **sèlman** si ou pa t patisipe nan fòmasyon ou nan yon lekòl NYS apwouve.

Paj 6

Dosye Eksperyans – 100 Enspeksyon nan Kay Obligatwa pou Fè – Ki pa peye oswa ki Peye

- Ranpli tout pòsyon dosye a **sèlman** si w ap aplike dapre Eksperyans.

Lèt Enfòmasyon ou dwe bay ansanm avèk aplikasyon ou

Fich Egzamen:

- Tache avi egzamen ou te pase (li pa kapab la depi plis pase 2 zan).

Frè pou peye pou aplikasyon:

- \$250.00 dola ou dwe peye NYS Department of State. (gade enstwiksyon yo pou jwenn metòd peman ki akseptab).